

Lembar Kerja Mandiri/Evaluasi Pembelajaran

PETUNJUK UMUM:

1. Dedonga sederhana miwiti.
2. Wacanen pitakenan-pitakenan kanthi tliti!
3. Garapen pitakenan kang dianggep gampang luwih dhisik!

Pilih salah siji wangsulan kang kokanggep bener, kanthi nyorek (x) ana ing wangsulan kang kaanggep bener!

Tembang menika kanggo pitakenan nomer 1-3

Ngelmu iku kalakone kanthi **laku**

Lekase lawan kas

Tegese kas nyantosani

Setya budya pangekese dur angkara

1. Tembung “laku” saka tembang ing dhuwur nduweni teges kang memper karo tembung-tembung ing ngisor iki, *kajaba...*
 - A. Tumindak
 - B. Prilaku
 - C. Sikap
 - D. Solah bawa
 - E. Watak
2. Gatra kaping loro kang unine “lekase lawan kas” kuwi tegese....
 - A. Ana rega ana rupa
 - B. Tumindak apik bakal oleh pahala
 - C. Kawiwitan saka niat
 - D. Niat apik oleh tuminak apik
 - E. Aja gumunan
3. Kosok baline tembung “lekase” saka tembang ing dhuwur yaiku....
 - A. Perkara
 - B. Mulai
 - C. Kawiwitan
 - D. Pungkasan
 - E. Enggal

Tembang kanggo nomer 4

Beda lamun kang sus sengsem reh ngasamun
Semune ngaksama
Sasamane bangsa sisip
Sarwa sareh saking mardi martotama

4. Tumindak kang jumbuh (cocok) karo gatra kaping loro tembung ing dhuwur yaiku....
 - A. Aweh pangapura marang sapa wae kang wis nglarani ati.
 - B. Miwiti tumindak apa wae kanthi niat kang apik.
 - C. Ngadohi pawongan kang ngajak tumindak ala.
 - D. Waspada marang sedaya tumindak kang ala.
 - E. Nuladha tumindak becik.
5. Isi kang kamot saka pupuh pocung yaiku....
 - A. Ngelmu kang sampurna kang dadi pathokaning kanggo manungsa yaiku babagan sopan santun.
 - B. ngajarake supaya manungsa bisa ngendhaleni angkara murka, amarga sikap kang kaya mengkono iku bakal nuwuhake/ndadekake perkara/masalah.
 - C. Ngajarake supaya manungsa tansah tumindak ngati-ati supaya slamet ana ing donya.
 - D. Rasa sukur marang Gusti Allah Kang Maha Agung kanthi suci batin, ngadohi watak angkara murka.
 - E. Ngajarake babagan busana kang sopan.

Cobi jumbuhaken pitakenan menika kaliyan wangsulan ingkang trep!

Kanggo nomer 6-8

Angkara gung, neng angga agung
gumulung
Gegolonganira
Triloka lekere kongsi
Yen diumbar ambabar dadi rubeda

6. Tembung angga nduweni teges
 7. Gatra kaping sekawan nduweni teges
 8. Pitutur luhur kang bisa kajupuk saka
pada kasebut yaiku
 9. Isi saka pupuh pocung yaiku ...
 10. Tembung lingga saka tembung
gumulung yaiku

A Gulung

B Ilangana tumindak
utawa sipat ala
kang ana ing dhiri
pribadhi

C Kawicaksanan kang
sehati

D Yen dijarke bisa
dadi alangan

E awak

Isinen ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi wangsulan kang trep!

11. Serat wedhatama menika diciptakake dening pujangga ingkang misuwur wonten ing tlatah Jawa. Pujangga kasebut asmane?
.....
12. Serat wedhatama menika diciptakake dening pujangga ingkang misuwur wonten ing tlatah Jawa. Tembung misuwur nduweni teges
.....
13. Saben tembang macapat nduweni pathokan kang bedha-bedha. Kalebu tembang pocung. Guru gatra saka tembang pocung yaiku
.....
14. Serat wedhatama nduweni pupuh kang cacahé ana lima, saka kelima pupuh kasebut kang nduweni pada utawa bait paling akeh yaiku
.....
15. *Setya budya pangekese dur angkara*. Gatra kasebut tegese
.....